# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# पुरुष, जेवन कबो ना झुकल


लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुवादकः सुरेश मसीह

अनुकूलित: Mary-Anne S.


कहानी 33 से 60


**www.M1914.org**

***Bible for Children***, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*



अनुज्ञापत्रः आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


Bhojpuri

राजा नबूकदनेस्सर एगो विशाल सोने की मूर्ति क निर्माण करवलन। उ सिर से गोड़ तक, सोने क रहल। राजा उ सपना भूला गइल रहलन; परमेश्वर उनके बतवले रहलन कि उनकर सोना जइसन राज्य हमेशा खातिर ना रही। शायद उ ई सोचलन, यदि उ पूरा मूर्ती के खाली सोना से ही बनवा दिहन ताकि सपना द्वारा दिहल परमेश्वर क उ वचन सच ना हो पायी।



1

"राजा की सेवकन में से एगो सब लोगन खातिर आदेश पढ़लस ... आप सब लोग नीचे गिरके ए सोने की मूर्ति क पूजा करिहअ जा ... अउर तोहन लोगन में से जे केहू भी नीचे गिरके पूजा ना करी उ एगो धधकत आग की भट्ठी की बीच में डाल दिहल जायी"।



2


तीनगो पुरुषन के छोड़ के - सब लोग राजा की ए आदेश क पालन कइलें। ई लोग इब्री लोग में से रहलें। उ शद्रक, मेशक अउर अबेदनेगो, दानिय्येल क दोस्त रहलें।
3


निश्चित रूप से लागेला कि दानिय्येल ओ समय उहाँ ना रहलन; नाहीं त उ खुद आदमी की हांथ की बनावल मूर्ति क पूजा कइला से इनकार कर दिहले रहतन।
4


राजा की पण्डितन में से सब दानिय्येल अउर उनकरी दोस्तन से ईर्ष्या रखत रहलें, काँहे से कि राजा ओ लोगन के पसंद करत रहलन। तब उ राजा से शिकायत कइलें, जेवनी तीन पुरुषन, शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो के - तूं बाबुल प्रान्त की ऊपर शासक की रूप में रखले बड़अ।
5


"हे राजा, ई लोग, तोहरी आदेश क पालन ना करत हउवें। उ लोग तोहरी देवता क उपासना अउर न ही तोहरी द्वारा स्थापित ओ सोना की मूर्ति क पूजा करत बानें"।
6


राजा नबूकदनेस्सर क्रोध से भर गइलन। उ ओ लोगन के चेतावनी दीहलन कि यदि तू सब लोग पूजा ना करबअ, त तोहन लोगन के एगो जरत आग की भट्ठी की बीच में डाल दिहल जइबअ। "फिर केवन परमेश्वर तोहन लोग के हमरी हाथ से बचइहन?"
7


राजा एगो बड़ गलती करत रहलन। उ वास्तव में जीवित प्रभु परमेश्वर के चुनौती देत रह रहलन। ई तीन इब्री पुरुषन के ई पता रहल कि मूर्ति पूजा करल परमेश्वर की कानून की खिलाफ हअ। उ खड़े रहलें। उ परमेश्वर पर भरोसा कइलें, काँहे से कि उ राजा से डेरात ना रहलें।
8


ए तीन बहादुर पुरुषन की पास राजा की खातिर एगो जवाब रहल। उ कहलन कि हम जेवनी यहोवा क सेवा करीं ला उ हमनी के जरत आग की भट्ठी में से भी बचवल में सक्षम हउवें; लेकिन यदि ना भी करौं, तौभी हे राजा ई जान ल कि हम तोहरी देवता क उपासना अउर ना ही तोहरी द्वारा स्थापित सोना की मूर्ति क पूजा करअब जा"।
9
राजा नबूकदनेस्सर बहुत क्रोधित भइलन! उ भट्ठी के आम गर्मी की तुलना में सात गुना अउर अधिक गरम कइला क आदेश दिहलन। तौभी उ आदमी लोग घुटना ना टेकलें।
10
राजा अपनी सेना में से सबसे शक्तिशाली पुरुष के आदेश दिहलन, कि उ शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो के बांध के ओ जरत आग की भट्ठी में तीनों लोगन के फेंक देवें।
11
भट्ठी क आग इतना गर्म रहल कि शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो के फेंके वाला पुरुष क उस गर्मी से मौत हो गइल।
12
राजा एगो सुरक्षित दूरी से सब देखत रहलन। उ देखलन कि तीन पुरुषन के सही धधकत भट्ठी की बीच में डालल जात रहल बा; लेकिन उ सब लोग इतना ही ना देखलें।
13
राजा नबूकदनेस्सर हैरान रहलन! उ अपनी सहायकन से पूछलें, "हमनी क आग की बीच में केवल तीन ही लोग के बांधके ना फेंकले रहलीं हँ जा?"
14

"हाँ" उ लोग उत्तर दिहलें। तब उ कहलन, "देखअ, लेकिन हम आग की बीच में चार पुरूषन के इधर उधर चलत फिरत देखत बानी, अउर ओ लोगन के कवनो हानि भी नइखे होत। अउर चौथा त परमेश्वर क बेटे की तरह लागत बाने! देखअ जा!"



15

जरत आग की भट्ठी की दरवाजा की पास जाके, राजा, बहुत रोवलन अउर चिल्लइलन "शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो, परमप्रधान परमेश्वर क दास, बाहर आव जा!" तबी फिर शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो, आग की भट्ठी से बाहर आ गइलें।



16

सब लोग चारों ओर एकट्ठा होके ओ तीन इब्रियन क जांच कइलें। उ देखत रहलें की आग की पास ओ लोगन के जरावे खातिर कवनो शक्ति ना रहल। उनकर बाल तक भी ना झुलसल अउर ना ही उनकर कपड़ा जरल रहे। उन लोगन से आग क महक तक भी ना आवत रहे।



17

जब ओ लोगन के एहसास भइल, तब राजा नबूकदनेस्सर बहुत बुद्धिमानी भरल काम कइलन। उ प्रार्थना कइलन, अउर कहलन, "शद्रक, मेशक अउर अबेदनगो क परमेश्वर धन्य बाड़ें; जे अपनी दूत के भेजके उनकरी पर विश्वास करे वाला सेवकन के बचा लिहल"।



18

पुरुष, जेवन कबो ना झुकल

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 3

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

ईश्वर जानेलन कि हमनी के बुरा करम कइले बानी जा जेकरा के उ पाप कहेलन । पाप के दण्ड मौत ह।

ईश्वर हमनी के एतना प्यार करेलन कि उ आपना एक मात्र बेटा यीशु के घरती पर भेजलन कि उ क्रूस पर मर जास आ हमनी के पाप के दण्ड अपने चुकावसु । यीशु जीगइलन आ परलोक गइलन । अब ईश्वर हमनी के पाप क्षमा कर सकेलन ।

यदि रउआ भी अपना पाप से दूर होखल चाहतानी ईश्वर से इ बात कही : हे प्रियवर यीशु हम विश्वास करीना कि यीशु हमनी खातीर मर गइलन  आ अब जीवित बाडन । मेहरबानी करके रउआ ा हमरा जीवन मे आ जाईं अउर हमरा पाप के क्षमा दीही ताकि हमरा के नया जीवन मिल सको । अउर हम हमेशा रउरा संगे रह सकी । हमरा के रउआ मदद करी कि हम राउर बच्चा के तरह रउरा खातीर जी सकी आमीन ।

हमनी के बाइबिल पढीजा आ रोज दिन ईश्वर से बात करीजा !